

Ngwarira Midzimu Yakaipa!

Mirayiridzo: Ita basa iri uri panzvimbo isina zvinokukanganisa. Paunoverenga magwaro, fungidzira uripowo pazvaitika. Ona zvaitika mupfungwa dzako. Inzwa manzwi acho. Iva nemanzwiro evanhu vanonyanya kutaurwa. Ngazviite sokuti zviri kutoitika.

① **ONGORORA ZVAKAITIKA.—VERENGA GENESISI 6:1-6 UYE MABASA 19: 11-20.**

Rondedzera zvaunofungidzira kuti ndizvo zvaiva zvakaita vaNefirimu. _____

Unofunga kuti varume vacho vakanzwa sei mushure mokusangana nemudzimu wakaipa, sezvinorondedzerwa pana Mabasa 19:13-16? _____

② **DZAMISA PFUNGWA.**

Uchishandisa mabhuku kana kuti zvimwe zvinhu zvinobatsira pakutsvakurudza zvamunazvo, tsvaka mamwe mashoko nezvevaNefirimu. Unofunga kuti sei vaifarira zvokurwa kudaro? _____

Sei zvinganzi midzimu yakaipa 'yakasiya nzvimbo yayo yokugara yakakodzera'? (Verenga Judha 6.) Unofunga kuti sei zvakanga zvisina kukodzera uye zvakaipa kuti itsvake madzimai aiva vanhu? _____

Nhoroondo mbiri dzawaverenga dzakuudzei nezvekupenga nebonde uye kuda zvokurwisana kunoitwa nemidzimu yakaipa? _____

**3 ITA ZVAWADZIDZA. NYORA ZVAWADZIDZA
PAMUSORO PE . . .**

Utsinye uye kungoda kuzvifadza kunoitwa ne-
midzimu yakaipa. _____

ZVIMWE ZVOKUTI UITE.

Sezvo midzimu yakaipa isingachagoni kuchi-
nja miviri yayo, ingaedza sei kukukanganisa? _____

Ivaraidzo dzipi nhasi dzinoratidza zvinofari-
rwa nemidzimu yakaipa uye maonero ayo? _____

Ungaratidza sei hautombodi kukanganiswa ne-
midzimu yakaipa? (*Verengazve Mabasa 19:18,*
19.) _____

**4 ZVII ZVIRI MUNYAYA IDZI ZVANYANYA
KUKUBATSIRA, UYE NEI?**

